

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Pikeun nalungtik ngeunaan hiji novél ieu, digunakeun pamarekan jeung métode nu ngarojongna. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 22) pamarekan *kualitatif* nya éta pamarekan anu nyoko kana usaha nyangking data ku cara neuleuman jeung maham kana kekecapan, boh lisan boh tinulis. Pasualan anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero, sangkan bisa nyangkem kana ma'nana.

Sedengkeun Sugiyono (2016, kc. 8) nétélakeun yén pamarekan kualitatif biasa disebut ogé panalungtikan naturalistik, sabab dilakukeun dina kaayaan nu alamiah (*natural setting*). Pamarekan kualitatif disebut ogé panalungtikan étnografi sabab ieu pamarekan loba dipaké pikeun panalungtikan dina widang antropologi budaya.

Dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan *déskriptif kualitatif* kana obyék karya sastra. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) métode *déskriptif* mangrupa panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan. Métode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalawan maké téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203).


Objék panalungtikan dina skripsi ieu nya éta panalungtikan anu ngaguar novél *Kabandang ku Kuda Lumping* ngaliwatan ulikan struktural jeung sosiologi sastra, ogé nganalisis aspék sosialna pikeun dijadikeun bahan diajar maca keur di sakola SMP.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


3.2.1 Idéntitas Novél *Kabandang ku Kuda Lumping*

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta dina novél sunda *Kabandang ku Kuda Lumping*. Ieu Novél téh meunang hadiah ti Sayembara IKAPI Jabar taun 1969. Data dina ieu panalungtikan, eusi carita sagemblengna nu aya ieu dihandap kalawan idéntitas buku nya éta:

Judul : *Kabandang ku Kuda Lumping*
 Pangarang : Ahmad Bakri
 Penerbit : PT Kiblat Buku Utama
 Taun medal : Januari 2017 (Cetakan ka-5)
 Kandel buku : 58 kaca

Gambar 3.1

Cover novél *Kabandang ku Kuda Lumping*



Déskripsi caritana mah nya éta paripolah Jang Udin nu kabandang ku kuda lumping. Jang udin keur meujeuhna resep ulin, jarambah, tara nurut kana papatah kolot. Élodan deuih. Nu matak basa dititah ku emana nyokot duit ti tatanggana, Jang Udin kabandang ku jalma réa nu ngabring ngiringkeun kuda lumping, duitna leungit. Mangkaning duitna lain saeutik hasil tina ladang paré. Rék balik sieun dicarékan kolot, babakuna mah sieun diasupkeun ka pangbérokan. Da ceuk Bapana, budak bangor mah sok dikerem di Tangerang. Antukna Jang Udin minggat nutur-nutur jalma saliwat, leumpang sakaparan-paran, datang ka balangsak di lembur batur.

Wais Al-Qorni, 2020

ASPÉK SOSIAL DINA NOVÉL *KABANDANG KU KUDA LUMPING* KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SOSIOLOGI SASTRA)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.2 Pangarang Novél *Kabandang ku Kuda Lumpung*

Ahmad Bakri lahir di Ciamis tanggal 11 Mei 1917 sarta tilar dunya dina tanggal 18 Juli 1988. Satamatna ti sakola Rayat tilu taun, Ahmad Bakri nuluykeun ka *Scahake School* (sakola sambungan) di Ciamis. Meunang sawatara bulan kungsi masantrén di Genténg jeung Sadéwa. Taun 1937, milu kursus montir di Bandung, tapi teu kungsi tepi ka tamat. Ti dinya digawé di PTT, tepi ka jaman Jepang.

Satutasna pengakuan kedaulatan (taun 1949), Ahmad Bakri sakulawarga pindah ka Bandung, lantaran kaayaan di lemburna teu aman balukar gangguan gorombolan. Kungsi ngajar di SD Cicadas (1952), tuluy milu ujian persamaan SGB, ditéma deui ku KGA, anu sabada tamat diteruskeun ka B-1 Basa Sunda. Harita carpon Ahmad Bakri geus aya nu dimuat dina majalah *Warga*.

Sanggeus lulus diploma B-1, Ahmad Bakri ditempatkeun jadi guru SPG di Ciamis, nepi ka pangsiunna (1973). Ti dinya terus diangkat jadi Kepala SPG Muhammadiyah Ciamis, tapi kalah ménta diturunkeun jadi Wakil Kepala, sabab hayang aya waktu anu laluasa pikeun ngarang.

Ahmad bakri lain waé kaasup produktif, tapi deuih kungsi meunang jujuluk pangarang favorit dumasar kana hasil angkét majalah *Manglé* dina taun 80-an. Tangtu aya dasarna hasil angkét éta téh. Karya-karya Ahmad bakri anu geus medal di antarana nya éta *Payung Butut, Rajapati di Pananjung, Sanghiang Lutung Kasarung, Srangéngé Surup Mantén, Sudagar Batik, Mayit dina Dahan Jéngkol, Jurutulis Malingping, Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati, Ki Merebot, Dina Kalangkang Panjara, Dukun Lepus, jeung Mapag Perang Barata*.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2012, kc. 291) nétélakeun studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran dina panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur ilmiah. Ku kituna, téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka, kalawan léngkah-léngkahna nya éta.

- a. néangan sumber data
- b. maca naskah
- c. ngaidéntifikasi masalah
- d. ngarumuskeun masalah

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat nu dipaké ku panalungtik pikeun ngukur hiji fenoména alam atawa sosial, sacara spésifik fenoména disebut ogé variabel panalungtikan. Instrumén nu dipaké atawa alat pikeun panalungtikan nya éta panalungtik sorangan, keur ngukurna tangtu kudu geus kauji validitas jeung reliabilitasna saacan panalungtik anclub ka lapangan. (Sugiyono, 2017: kc 222).

Instrumén nu digunakeun pikeun panalungtikan ieu téh nya éta dirojong ku sababaraha alat nu aya dihandap diantarana :

- a. Buku-buku référénsi ngeunaan tiori kasusastraan
- b. Buku-buku ngeunaan tiori sosial
- c. Artikel-artikel jurnal atawa skripsi nu geus di-*download* dina inténet anu aya patalina jeung panalungtikan ieu.
- d. Laptop salaku alat pikeun ngarengsékeun panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, instrumén nu dipaké nyaéta kartu data. Kartu data nya éta instrumén nu bentukna tabél pikeun ngawilah-wilah data nu kapanggih.

3.5 Téknik Ngolah Data

Sacara umum, ngolah data téh ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 278).

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data nu baris digambarkeun di handap.

- a. Kartu Data Aspék Sosial

Bagan 3.2

Kartu Data Aspék Sosial

(kode data)
Analisis aspék sosial (aspék kulawarga/aspék babaturan ulin/aspék lingkungan masyarakat tina novél <i>Kabandang ku Kuda Lumping</i>
(paripolah)
(cutatan téma tina novél <i>Kabandang ku Kuda Lumping</i>)

b. Kartu Data Ulikan Struktural

Bagan 3.3**Kartu Data Téma**

(kode data)

Analisis téma tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*(cutatan tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*)**Bagan 3.4****Kartu Data Latar**

(kode data)

Analisis latar (tempat/waktu) tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*(cutatan tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*)**Bagan 3.5****Kartu Data Palaku jeung Watek**

(kode data)

Analisis tokoh tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*Analisis watek tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*(cutatan tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*)**Bagan 3.6****Kartu Data Gaya Basa**

(kode data)

Analisis gaya basa tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*(cutatan tina novél *Kabandang ku Kuda Lumping*)